



*Ede Pitit Ou Gen Siksè Lekòl*

# Devlope Abitid Bon Prezans Lekòl Bonè

*Siksè lekòl ale men nan men avèk bon prezans!*


## ÈSKE W TE KONNEN?

- Manke 10 pousan (oubyen apeprè 18 jou) kab fè aprann li vin pi difisil.
- Elèv kab toujou pa reyisi si yo manke sèlman youn oubyen de (2) jou chak kèk semèn.
- An reta lekòl ap lakoz move prezans.
- Absans kab afekte tout salklas la si pwofesè a gen pou li ralanti enstriksyon nou l ede timoun ratrape.

## KISA OU KAB FÈ?

- Etabli yon woutin regilye pou al dòmi e pou leve nan maten.
- Chwazi rad pou mete e ranje sak lekòl nan sware anvan an.
- Chèche konnen ki jou lekòl kòmanse e asire pitit ou pran vaksen ki nesèsè.
- Entwodui pitit ou bay pwofesè e kamarad li anvan li kòmanse lekòl pou ede li fè tranzisyon.
- Pa kite pitit ou rete lakay amwenske li vrèman malad. Mete nan tèt ou plenyen pou vant fè mal oubyen mal tèt kab yon siy anksyete e yo pa yon rezon pou rete lakay.
- Si pitit ou parèt anksye konsènan ale lekòl, pale ak pwofesè yo, konseye lekòl yo, oubyen lòt paran pou konsèy sou kòman pou mete yo alèz e enterese pou aprann.
- Devlope lòt plan pou ale lekòl si gen yon kontraryete. Rele yon moun nan fanmi an, yon vwazen oubyen yon lòt paran.
- Evite randevou medikal oubyen vwayaj pwolonje lè gen lekòl.

## Kilè Absans Vin Yon Pwoblèm?



### KWONIK

18 oubyen plis jou

### AVÈTISMAN

10 a 17 jou

### SATISFEZAN

9 oubyen mwens absans

Note: Chif sa yo baze sou yon ane lekòl 180-jou.



Advancing Student Success By Reducing Chronic Absence